



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 25 jiyè 2014

GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN LWA POU MODÈNIZE SIY AK LOGO KI BAY AKSÈ NAN NEW YORK

Li Adopte nan dat 24yèm Anivèsè Lwa Anfavè Ameriken Andikape a

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodi a te siyen lwa kap pouse Eta New York pi wo kòm yon defansè dwa moun andikape. Li chanje lwa ki te la deja kote li mande pou yo retire mo “andikape” a nan nouvo siy oswa nouvo yo ranplase, anmenm tan l ap modènize ak elimine santiman lawont ki asosye ak logo ki bay aksè a. Lwa sa ki fenk adopte a vini pandan 24yèm anivèsè Lwa Ameriken Anfavè Andikape nasyonal la, ki te premye pa enpòtan pou endèdi diskriminasyon sou baz yon andikap.

“New York se yon lidè depi lontan nan sa ki gen pou wè ak batay kont diskriminasyon pou pwoteje Nouyòkè san bliye moun andikape,” te deklare Gouvènè Cuomo. “Pwojè lwa sa se yon etap enpòtan nan pote limyè pou sosyete a konprann posiblite pou jwenn aksè epi pou elimine santiman lawont pou plis pase yon milyon Nouyòkè, epi mwen fyè pou m siyen l jodi a.”

Youn nan pi gwo pwoblèm ki genyen yo konsènen siy ak langaj ki egziste deja yo. Yo mete aksan sou enfimite a menm, olye sou moun nan. Senbòl ki egziste kounye a nan lemon antye pou yon moun andikape reprezante yon moun sou yon chèz woulan, sa ki pral chanje sou tout nouvo siy yo pou montre yon imaj pi dinamik ([gade isit la](#)). Anplis, mo “andikape” a pral retire sou siy, oswa tout lòt mesaj, kote se mo “aksesib” la sèlman kap itilize.

Senatè David Carlucci te di konsa, “Lavèy 24yèm anivèsè Lwa Anfavè Ameriken Andikape a, mwen vle remèsye Gouvènè Cuomo dèske li siyen lwa Anfavè Accessibility Icon (Imaj ki bay Aksè) nou an. New York toujou devan paske li se premye eta peyi a ki modènize siy antik kadik “andikap” nou yo ak yon senbòl pi dinamik, pi atiran. Nan tèt ansanm nou pral kontinye rete yon egzant pafè pou dwa moun andikape nan tout peyi a.”

Manm Asanble Sandy Galef te di konsa, “Yon foto vo mil mo. Kominote andikape yo viktim langaj ak senbòl antik kadik ki lonje dwèt sou yo epi asosye yo ak yon vye lide oswa yon imaj moun ki pa ka bouje ditou. Nouvo siy sa yo ak nouvo langaj sa mande pou biznis, lekòl, gouvènman ak òganizasyon ede chanje negatif la pou l vin pozitif, kanpe anplas la pou l vin mobil, epi ede entegre kominote andikape

nou an plis nan sosyete a. Mwen travay sere sere ak defansè kominotè pou fè pwomosyon sa tou dabò nan lwa peyi a. Mwen vle di Gouvènè Cuomo mèsì poutèt li siyen pwojè-lwa enpòtan sa a.”

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

WE WORK FOR THE PEOPLE
PERFORMANCE * INTEGRITY * PRIDE